

TEMbung SESULIH ING BASA JAWA DHIALEG SURABAYA SUB-DHIALEG MOJOKERTO

NOVIA RAKHMATIN SETYORINI
PENDIDIKAN BAHASA DAERAH
FAKULTAS BAHASA DAN SENI
UNIVERSITAS NEGERI SURABAYA
Noviaovin@Gmail.com

Abstrak

Panliten ngenani tembung sesulih ing basa Jawa isih arang kang nliti, mligine tembung sesulih ing basa Jawa dhialeg Surabaya. Panliten sadurunge kang nliti tembung sesulih ing basa Jawa dhialeg Surabaya mung nliti wujud lan gunane. Saka asil panliten iku kang narik kawigatene panliti supaya nliti tembung sesulih ing basa Jawa dhialeg Surabaya luwih jero kanthi nggunakake teori kang beda karo panliten sadurunge. Dhaerah kang digunakake kanggo panliten iki, yaiku dhaerah Mojokerto. Dhaerah Mojokerto iki dipilih amarga leksikon-leksikon mligine tembung sesulihe isih durung ditliti.

Undere panliten iki, yaiku (1) kepriye wujude tembung sesulih ing basa Jawa dhialeg Surabaya sub-dhialeg Mojokerto; (2) apa wae jinise guna kang bisa diisi tembung sesulih ing basa Jawa dhialeg Surabaya sub-dhialeg Mojokerto; lan (3) apa wae kalungguhan kang bisa dinggoni tembung sesulih ing basa Jawa dhialeg Surabaya sub-dhialeg Mojokerto. Adhedhasar undere panliten iki, mula kang dadi tujuwane panliten iki, yaiku (1) njlentrehake wujude tembung sesulih ing basa Jawa dhialeg Surabaya sub-dhialeg Mojokerto; (2) njlentrehake jinise tembung sesulih ing basa Jawa dhialeg Surabaya sub-dhialeg Mojokerto; lan (3) njlentrehake kalungguhan kang bisa dinggoni tembung sesulih ing basa Jawa dhialeg Surabaya sub-dhialeg Mojokerto.

Landhesan teori kang digunakake sajrone panliten iki, yaiku teori transformasi generatif. Teori transformasi generatif iki kadadeyan saka rong perangan, yaiku asumsi teori transformasi generatif, lan tata makaryane teori transformasi generatif. Tata makaryane teori transformasi generatif iki kadadeyan saka telung perangan, yaiku wujud, guna, lan kalungguhan.

Panliten ngenani tembung sesulih ing basa Jawa dhialeg Surabaya sub-dhialeg Mojokerto iki kalebu panliten linguistik sinkronis. Dhata panliten iki, yaiku tembung sesulih ing basa Jawa dhialeg Surabaya sub-dhialeg Mojokerto. Dene sumber dhatane, yaiku ukara kang nggunakake tembung sesulih ing basa Jawa dhialeg Surabaya sub-dhialeg Mojokerto ing Desa Pagerluyung, Kec. Gedeg, Kab. Mojokerto. Dhata iki dikumpulake nggunakake motodhe semak. Banjur dijlentrehake nggunakake metodhe dhistribusional utawa agih lan disuguhake nggunakake metodhe formal lan informal.

Wujude tembung sesulih iki kasil diperang dadi limang jinis, yaiku tembung sesulih purusa, panuduh, patanya, panyilah, lan sadhengah. Guna kang bisa diisi tembung sesulih ing basa Jawa dhialeg Surabaya sub-dhialeg Mojokerto iki, yaiku jejer, wasesa, lesan, panggenah, lan katrangan. Dene kalungguhan kang bisa dinggoni tembung sesulih ing basa Jawa dhialeg Surabaya sub-dhialeg Mojokerto, yaiku paraga, panandhang, panampa, kompanial, reseptif, paraga lan uga panandhang, papan, wektu, ukuran, asil, lan piranti. Saliyane bisa manggon ing argumen, tembung sesulih uga bisa manggon ing wasesa yaiku kahanan.

Tembung wigati: tembung sesulih, basa Jawa, dhialeg Surabaya, lan triaspek sintaktis

Abstrak

Penelitian mengenai kata ganti dalam bahasa Jawa masih jarang yang meneliti, khususnya kata ganti dalam bahasa Jawa dialek Surabaya. penelitian sebelumnya yang meneliti kata ganti dalam bahasa Jawa dialek Surabaya hanya meneliti kategori dan fungsinya. Berdasarkan hasil penelitian itu menarik perhatian penulis supaya meneliti kata ganti dalam bahasa Jawa dialek Surabaya lebih mendalam dengan menggunakan teori yang berbeda dengan penelitian sebelumnya. Daerah yang digunakan untuk penelitian ini, yaitu daerah Mojokerto. Dhaerah Mojokerto ini dipilih karena leksikon-leksikon khususnya kata gantinya masih belum diteliti.

Rumusan masalah penelitian ini, adalah (1) bagaimana kategorinya kata ganti dalam bahasa Jawa dialek Surabaya sub-dialek Mojokerto; (2) apa saja jenisnya fungsi yang dapat diisi dengan kata ganti dalam bahasa Jawa dialek Surabaya sub-dialek Mojokerto; lan (3) apa saja peran yang dapat diperankan oleh kata ganti dalam bahasa Jawa dialek Surabaya sub-dialek Mojokerto. Berdasarkan rumusan masalah diatas, maka yang menjadi tujuan penelitian ini, adalah (1) menjelaskan kategorinya kata ganti dalam bahasa Jawa dialek Surabaya sub-dialek Mojokerto; (2) menjelaskan jenisnya fungsi dari kata ganti dalam bahasa Jawa dialek Surabaya sub-dialek Mojokerto; lan (3) menjelaskan peran yang dapat diperankan oleh kata ganti dalam bahasa Jawa dialek Surabaya sub-dialek Mojokerto.

Landasan teori yang digunakan dalam penelitian ini, yaitu teori transformasi generatif. Teori transformasi generatif ini terdiri atas dua bagian, yaitu asumsi teori transformasi generatif, dan tata caranya teori transformasi generatif. Tata makaryane teori transformasi generatif ini terdiri atas tiga bagian, yaitu kategori, fungsi, lan peran.

Penelitian mengenai kata ganti dalam bahasa Jawa dialek Surabaya sub-dialek Mojokerto ini termasuk penelitian linguistik sinkronis. Data penelitian ini, yaitu kata ganti dalam bahasa Jawa dialek Surabaya sub-dialek Mojokerto. Sedangkan sumber datanya, yaitu kalimat yang menggunakan kata ganti dalam bahasa Jawa dialek Surabaya sub-dialek Mojokerto di Desa Pagerluyung, Kec. Gedeg, Kab. Mojokerto. Data ini dikumpulkan menggunakan metode simak. Lalu dianalisis menggunakan metode distribusional atau agih dan disajikan menggunakan metode formal dan informal.

Kategorinya kata ganti ini dapat dibagi menjadi lima jenis, yaitu kata ganti persona, demonstratif, interogatif, relatif, dan indeterminatif. Fungsi yang dapat diisi dengan kata ganti dalam bahasa Jawa dialek Surabaya sub-dialek Mojokerto ini, yaitu subjek, predikat, objek, pelengkap, dan keterangan. Sedangkan peran yang dapat diperankan oleh kata ganti dalam bahasa Jawa dialek Surabaya sub-dialek Mojokerto, yaitu agentif, objektif, benefaktif, kompanial, reseptif, agentif dan juga objektif, lokatif, waktu, ukuran, hasil, lan alat. Saliyane bisa manggon ing argumen, tembung sesulih uga bisa manggon ing wasesa yaiku kahanan.

Kata kunci: kata ganti, bahasa Jawa, dialek Surabaya, dan triaspek sintaktis

PURWAKA

Tembung minangka satuan gramatikal kang paling cilik, lan nduweni teges. Tembung ora mung bisa madeg dhewe, nanging bisa gandheng karo tembung liya kang mujudake ukara. Paramasastra tradhisional nggolong-nggolongake tembung kang ana dadi jinis-jinise tembung. Dene Paramasastra modheren ngandharake yen tembung-tembung kang ana diperang dadi kelas-kelas tartamtu lan saben kelas nduweni perangan kang diarani sub-kelas. Paramasastra modheren merang tembung dadi patang kelas, yaiku tembung aran, tembung kriya, tembung katrangan, lan tembung kahanan (Alwasilah, 1985:26-54).

Adhedhasar jinise tembung kang wis diandharake paramasastra tradhisional, dipilih tembung sesulih ing basa Jawa amarga isih arang diandharake. Tembung sesulih manut paramasastra tradhisional kalebu jinise tembung, nanging manut paramasastra modheren tembung sesulih minangka sub-kelas saka kelas tembung aran (tandhingake Wedhawati, 2006:47 lan Poerwadarminta, 1953:31). Tembung sesulih ing basa Jawa kang digunakake sajrone cecaturan gumantung ing endi dhaerah cecaturan iku. Tembung sesulih ing basa Jawa uga oleh pangaribawa saka dhialeg tartamtu, mula saka iku tembung sesulih ing basa Jawa ing saben dhaerah mesthi beda.

Tembung sesulih ing basa Jawa dhialeg Surabaya ora mung digunakake ing dhaerah Surabaya, nanging uga dhaerah sakupengane Surabaya. Dhaerah-dhaerah kang nggunakake basa Jawa dhialeg Surabaya, yaiku Kutha Surabaya, Kabupaten Gresik, Kabupaten Sidoarjo, Kutha lan Kabupaten Mojokerto, Kabupaten Jombang, Kabupaten Lamongan perangan tengah lan wetan, Kutha lan Kabupaten Malang, lan Kabupaten Pasuruan perangan kulon lan tengah (Adipitoyo, 2000:15). Saka dhaerah-dhaerah kang nggunakake basa

Jawa dhialeg Surabaya iki dipilih salah siji dhaerah, yaiku dhaerah Mojokerto.

Dhaerah Mojokerto dipilih amarga isih akeh tembung sesulih ing basa Jawa dhialeg Surabaya sub-dhialeg Mojokerto kang durung tau diandharake. Dhaerah Mojokerto kang amba ndadekake panliten iki ora bisa dijlentrehake kanthi princi. Supaya bisa nliti luwih princi lan jero, kudu nyiutake dhaerah panliten. Desa Pagerluyung, Kecamatan Gedeg, Kabupaten Mojokerto minangka panggonan kango nindakake panliten iki. Anggone milih lokasi iki dilarasake karo metodhe panjlentrehe dhata yaiku refleksif-introspektif.

Adhedhasar andharan ing ndhuwur iki bisa dingerten underane panliten iki, yaiku: (1) Kepriye wujude tembung sesulih ing basa Jawa dhialeg Surabaya sub-dhialeg Mojokerto?; (2) Apa wae jinise gunane kang bisa diisi tembung sesulih ing basa Jawa dhialeg Surabaya sub-dhialeg Mojokerto?; (3) Apa wae kalungguhane kang bisa dinggoni tembung sesulih ing basa Jawa dhialeg Surabaya sub-dhialeg Mojokerto?.

Adhedhasar underane panliten ing ndhuwur bisa dingerten apa kang dadi tujuwane panliten, yaiku: (1) Njlentrehake wujude tembung sesulih ing basa Jawa dhialeg Surabaya sub-dhialeg Mojokerto; (2) Njlentrehake jinise gunane kang bisa diisi tembung sesulih ing basa Jawa dhialeg Surabaya sub-dhialeg Mojokerto; (3) Njlentrehake kalungguhane kang bisa dinggoni tembung sesulih ing basa Jawa dhialeg Surabaya sub-dhialeg Mojokerto.

Jinise Tembung Sesulih

Akeh pamarsudi basa kang ngandharake jinise tembung sesulih. Saben andharane pamarsudi basa akeh kang beda. Pamarsudi basa kang ngandharake jinise tembung sesulih ing antarane, yaiku Djawatan Kementerian PP dan K (1946:132), Rusydi (1985:43), Alwi (2003:249-275), Poerwadarminta (1953:37-47),

Uhlenbeck (1982: 233-303), Sudaryanto (1991:90-102), Sastrosoepadma (1958:18-19), Antunsuhono (1953:84-91), Wedhwati (2006:266-306), Sasangka (2011:119-128), Padmosukotjo (1987:118-122), lan Purwo (1986:15-38). Saka andharane pamarsudi basa ing ndhuwur iki banjur didhiskusekake andharane sapa kang bisa digunakake sajrone panliten iki. Jinise tembung sesulih kang digunakake sajrone panliten iki ora nggunakake siji andharane pamarsudi basa, nanging nggunakake kabeh andharane pamarsudi basa kango njangkepi antarane siji lan liyane. Adhedhasar andharane pamarsudi basa ing ndhuwur iki. Jinise tembung sesulih kang digunakake sajrone panliten iki, yaiku tembung sesulih purusa, panuduh, patanya, panyilah, lan sadhengah.

Landhesan Teori

Landhesan teori kang digunakake sajrone panliten iki, yaiku teori transformasi generatif. Teori transformasi generatif iki kadadeyan saka rong perangan utama, yaiku asumsi teori transformasi generatif, lan tata makaryane teori transformasi generatif (Parera, 1991:87). Tata makaryane teori transformasi generatif iki kadadeyan saka telung perangan, yaiku wujud (*kategori*), guna (*fungsii*), lan kalungguhan (*peran*).

METODHE PANLITEN

Panliten ngenani tembung sesulih ing basa Jawa dhialeg Surabaya sub-dhialeg Mojokerto iki kalebu panliten linguistik sinkronis, amarga nliti basa kang digunakake nalika saiki. Panliten iki asipat dheskriptif. Dhata panliten iki, yaiku tembung sesulih ing basa Jawa dhialeg Surabaya sub-dhialeg Mojokerto. Dene sumber dhatane, yaiku ukara kang nggunakake tembung sesulih ing basa Jawa dhialeg Surabaya sub-dhialeg Mojokerto kang ditindakake ing Desa Pagerluyung, Kec. Gedeg, Kab. Mojokerto.

Ing panliten iki nggunakake telung tata cara panliten, yaiku (1) tata cara panglumpuke dhata, (2) tata cara panljentrehe dhata, lan (3) tata cara panyuguhe asile panljentrehe dhata (Sudaryanto, 1986:57). Saben cara iki nduwensi metodhe lan teknik dhewe-dhewe. Tata cara panglumpuke dhata iki nggunakake metodhe semak. Kanthi cara nyemak cecaturane pawongan ing Desa Pagerluyung, Kecamatan Gedeg, Kabupaten Mojokerto bisa kango njupuk dhata kang diperlokake. Metodhe semak kang digunakake sajrone panliten iki nduwensi limang teknik yaiku, a) teknik sadhap, b) teknik semak *libat cakap*, c) teknik semak *bebas libat cakap*, d) teknik rekam, lan e) teknik cathet (Sudaryanto, 1993:133-136). Anggone

ngumpulake dhata iki nggunakake piranti hand phone kango nyadhap banjur ditulis nggunakake piranti tulis. Anggone njlentrehake dhata sajrone panliten iki nggunakake metodhe agih (Sudaryanto, 1993:13) utawa distribusional (Djajasudarma, 1993:58) lan metodhe reflektif-introspektif (tandhingake Mahsun, 2005:103, lan Sudaryanto, 1993:121). Teknik sajrone metodhe dhistribusional kang digunakake sajrone panliten iki, yaiku teknik lesap, nyulihi, sisip, walik, lan ubah ujud. Asile panjlentrehe dhata banjur disuguhake utawa ditulis kanthi cara formal lan informal (Sudaryanto, 1993:145-146).

ANDHARAN LAN JLENTREHAN

Ing andharan lan jlentrehan iki ngandharake lan njlentrehake dhata, yaiku tembung sesulih ing basa Jawa dhialeg Surabaya sub-dhialeg Mojokerto. Dhata saka panliten iki bakal dijlentrehake nggunakake triaspek sintaktis, yaiku wujud, guna lan kalungguhane.

Wujude Tembung Sesulih ing Basa Jawa Dhialeg Surabaya Sub-Dhialeg Mojokerto

Wujude tembung sesulih ing basa Jawa wis diandharake lan kasil diperang dadi limang perangan, yaiku tembung sesulih purusa, panuduh, patanya, panyilah, lan sadhengah. Ing ngisor iki diandharake lan dijlentrehake wujude saben tembung sesulih ing basa Jawa dhialeg Surabaya sub-dhialeg Mojokerto.

Tembung Sesulih Purusa (*Pronomina Persona*)

Perangane tembung sesulih purusa wis diandharake sajrone bab II kang kadadeyan saka patang perangan, yaiku tembung sesulih utamapurusa, madyamapurusa, pratamapurusa, lan purusa liyane. Tembung sesulih purusa liyane uga diperang maneh dadi patang perangan, yaiku jenenge wong utawa bocah, arane peprenah, arane sesebutan, lan arane pangkat.

- (1) *Sing nggoreng aku.*
‘sing nggoreng aku.’
- (2) *Cacak nukokna kropuk iki kanggo awak ndhewe.*
‘Mas nukokake krupuk iki kanggo awak dhewe.’
- (3) *Koen mau mbayari Lia tah?*
‘Kowe mau mbayari Lia ta?’
- (4) *Ning Rin nggawekna omah kanggo koen kabeh.*
‘Mbak Rin nggawekake omah kanggo kowe kabeh.’
- (5) *Dheke mbesik latar.*
‘Dheweke ngresiki latar.’
- (6) *Novi ngomong nang Mase.*
‘Novi ngomong marang Mase.’
- (7) *Yokpa kabare Cak?*
‘piye kabare Mas?’

- (8) **Abah budhal nang Masjid dhisik ya.**
 ‘Abah Budhal nyang Masjid dhisik ya.’
- (9) **Wak Pala mari nyelang senter.**
 ‘Pak Pala bar nyilih senter.’
- Tembung *aku* sajrone ukara (1) kalebu tembung sesulih utamapurusa kang ijen. Tembung *awak ndhewe* sajrone ukara (2) kalebu tembung sesulih utamapurusa kang akeh. Tembung *koen* sajrone ukara (3) kalebu tembung sesulih madyamapurusa kang ijen. Tembung *koen kabe* sajrone ukara (4) kalebu tembung sesulih madyamapurusa kang akeh. Tembung *dheke* sajrone ukara (5) kalebu tembung sesulih pratamapurusa. Tembung *Novi* sajrone ukara (6) kalebu tembung sesulih purusa liyane, yaiku jenenge wong utawa bocah. Tembung *Cak* sajrone ukara (7) kalebu tembung sesulih purusa liyane, yaiku arane peprenah. Tembung *Abah* sajrone ukara (8) kalebu tembung sesulih liyane, yaiku arane sesebutan. Tembung *Wak Pala* sajrone ukara (9) kalebu tembung sesulih liyane, yaiku arane pangkat.

Tembung Sesulih Panuduh (Pronomina Demonstratif)

Tembung sesulih panuduh iki minangka tembung sesulih kang digunakake kanggo nuduhake samubarang. Jinise tembung sesulih panuduh iki kaperang dadi nem perangan, yaiku tembung sesulih panuduh lumrah, papan, modhal, ener, cacah, lan wektu. Dhata ing ngisor iki bakal menehi katrangan kang luwih cetha.

- (10) **Iku dulinan Brama.**
 ‘Iku dolanane Brama.’
- (11) **Helm iki mari logur teka lemari.**
 ‘Helm iki bar ceblok saka lemari.’
- Tembung *iku* lan *helm iki* sajrone ukara (10) lan (11) kalebu tembung sesulih panuduh lumrah. Tembung *iku* sajrone ukara (10) kalebu tembung, dene *helm iki* sajrone ukara (11) kalebu gatra. Tembung *iki* sajrone gatra *helm iki* minangka modifikasiator kang nuduhake *helm*.

Tembung sesulih panuduh lumrah iki uga nduweni guna padha kaya tembung *yaiku*. Bisa dideleng saka dhata ing ngisor iki.

- (12) **Catur iku anake Wak Panut.**
 ‘Catur iku anake Pak Panut.’
- Tembung sesulih panuduh lumrah kang nduweni guna kaya tembung *yaiku* mung tembung *iku*. Kanggo nuduhake yen tembung *iku* panceñ nduweni guna kaya tembung *yaiku*, bisa dideleng saka ukara ing ngisor iki.
- (12a) **Catur yaiku anake Wak Panut.**
 ‘Catur yaiku anake Pak Panut.’

Tembung sesulih panuduh lumrah iku uga nduweni makna generik utawa lumrah. Tembung *iku* ora nduweni guna dadi tembung sesulih panuduh,

nanging mung kanggo matesi jejer. Katrangan kang luwih cetha bisa dideleng saka ukara ing ngisor iki.

- (13) **Wedhus iku enake digule.**
 ‘Wedhus iku penake digule.’
- Tembung *iku* sajrone ukara ing ndhuwur iki minangka wates kanggo nengeri jejer. Tembung *iku* uga nduweni guna kanggo negesake yen *wedhus* kang dituduhake iku wedhus kang salumrahe dudu mligi. Tembung *iku* sajrone ukara ing ndhuwur iki nduweni makna deiktif, mula saka iku ana lan orane tembung iku sajrone ukara ora ngowahi maknane. Bisa dideleng saka ukara ing ngisor iki.

- (13a) **Wedhus enake digule.**
 ‘Wedhus penake digule.’

Saliyane tembung sesulih panuduh lumrah, isih ana jinise tembung sesulih panuduh liyane kang bisa dideleng saka dhata ing ngisor iki.

- (14) **Nduk kene mari dipel Ibuk.**
 ‘Ing kene bar dipel Ibu.’
- (15) **Kene mari nyewa sepedha.**
 ‘Kene bar nyewa sepedha.’

- (16) **Arek iki ayune koyok ngene kok gak onok sing seneng.**

‘Bocah iki ayune kaya ngene kok ora ana sing seneng.’

Gatra *nduk kene* sajrone ukara (14) kalebu tembung sesulih panuduh papan. Tembung *kene* sajrone gatra *nduk kene* minangka modifikasiator kang nuduhake papan. Tembung *kene* sajrone ukara (15) kalebu tembung sesulih papan kang nyulihi purusa. Gatra *koyok ngene* sajrone ukara (16) kalebu tembung sesulih panuduh modhal. Tembung *ngene* minangka modifikasiator kang dadi katrangane tembung *koyok*. Tembung sesulih panuduh iki uga nduweni makna generik utawa lumrah. Bisa dideleng saka dhata ing ngisor iki.

- (17) **Wong tuwa ngunu mesthi ndongakna anake.**
 ‘Wong tuwa ngono/mono mesthi ndongakake anake.’

Tembung *ngunu* nduweni makna generik utawa lumrah. Gatra *wong tuwa* sajrone ukara iki minangka wong tuwa salumrahe kang mesthi ndongakake anake, dudu wong tuwa kang mligi. Tembung *ngunu* uga nduweni makna deiktif, yaiku bisa diilangi kang ora ngowahi maknane. Bisa dideleng saka ukara ing ngisor iki.

- (17a) **Wong tuwa mesthi ndongakna anake.**
 ‘Wong tuwa mesthi ndongakake anake.’
- Dhata ing ngisor iki bakal menehi katrangan kang luwih cetha ngenani teembung sesulih panuduh ner, cacah, lan wektu.
- (18) **Pak Hadi jange runu.**
 ‘Pak Hadi arep rono.’
- (19) **Koen tuku klambi sakmunu.**
 ‘Kowe tuku klambi semono.’

(20) *Wonge jik tas budhal kerja.*

‘Wonge lagi wae budhal kerja.’

Gatra jange runu sajrone ukara (18) kalebu tembung sesulih panuduh ner. Tembung runu sajrone gatra jange runu minangka inti. tembung sakmunu sajrone ukara (19) kalebu tembung sesulih cacah. gatra jik tas kalebu tembung sesulih panuduh wektu.

Tembung Sesulih Patanya (Pronomina Interrogatif)

Tembung sesulih patanya wis diandharakelan kasil diperang dadi nem perangan, yaiku tembung sesulih patanya purusa, lumrah, papan, modhal, cacah, lan wektu. Saben jinise tembung sesulih patanya dilentrehake ing ngisor iki.

(21) *Sapa sing njauk bageyan?*

‘Sapa sing njaluk bageyan?’

(22) *Apa sing ngglethak nduk ngguri omah?*

‘Apa sing ngglethak ing mburi omah?’

(23) *Nok ndi Osup?*

‘Neng endi Usup?’

Tembung *sapa* sajrone ukara (21) kalebu tembung sesulih patanya purusa. Tembung *apa* sajrone ukara (22) kalebu tembung sesulih patanya lumrah. Gatra *nok ndi* sajrone ukara (23) kalebu tembung sesulih patanya papan. Tembung *ndi* minangka modifikasiator kang dadi katranganane *nok*. Ukara ing ndhuwur iki bisa diowahi panggone tanpa ngowahi maknane, kaya ukara ing ngisor iki.

(21a) *Sing njauk bageyan sapa?*

‘Sing njaluk bageyan sapa?’

(22a) *Sing ngglethak nduk ngguri omah apa?*

‘Sing ngglethak ing mburi omah apa?’

(23a) *Osup nok ndi?*

‘Usup ing endi?’

Saliyane tembung sesulih patanya kang wis dilentrehake ing ndhuwur, isih ana tembung sesulih patanya modhal, cacah, lan wektu. Dhata ing ngisor iki bisa menehi katrangan kang luwih cetha.

(24) *Yokapa anakmu?*

‘Piye anakmu?’

(25) *Koen adus ping pira?*

‘Kowe adus ping pira?’

(26) *Kapan koen luluse?*

‘Kapan kowe luluse?’

Tembung *yokapa* sajrone ukara (24) kalebu tembung sesulih patanya modhal. Gatra *ping pira* sajrone ukara (25) kalebu tembung sesulih patanya cacah. Tembung *pira* sajrone gatra *ping pira* minangka inti. Tembung *kapan* sajrone ukara (26) kalebu tembung sesulih patanya wektu.

Tembung Sesulih Panyilah (Pronomina Relatif)

Tembung sesulih panyilah iki yaiku tembung kang digunakake nyilahake tembung liya. Tembung

sesulih panyilah yaiku *sing*. Dhata saka tembung sesulih panyilah iki bisa dideleng ing ngisor iki.

(27) *Anake Mbak Rubik sing potongan lanang numpak sepedha buanter.*

‘Anake Mbak Rubik sing potongan lanang numpak sepedha banter banget.’

Tembung *sing* sajrone gatra *anake Mbak Rubik sing potongan lanang* minangka modifikasiator. Tembung *sing* iki nduweni guna kango menehi katrangan kang luwih princi kanggo gatra *anake Mbak Rubik*.

Tembung Sesulih Sadhengah (Pronomina Indeterminatif)

Tembung sesulih sadhengah, yaiku tembung kang digunakake kanggo nyulihi samubarang kang ora genah utawa durung genah. Dhata ing ngisor iki bisa menehi katrangan kang luwih cetha.

(28) *Pak dhe ngejaki sapa ae nang omah.*

‘Pak dhe ngejaki sapa wae nyang omah.’

(29) *Koen ojok ngandhani sapa-sapa ya!*

‘Kowe aja ngandhani sapa-sapa ya!’

Gunane Tembung Sesulih ing Basa Jawa Dhialeg Surabaya Sub-Dhialeg Mojokerto

Gunane tembung sesulih ing basa Jawa wis diandharake lan diperang dadi limang perangan, yaiku jejer, wasesa, lesan, panggenah, lan katrangan. Ing kene mung ngandharake guna kang bisa dipanggoni tembung sesulih ing basa Jawa dhialeg Surabaya sub-dhialeg Mojokerto, tanpa menehi watesan jinise ukara apa wae kang digunakake.

Jejer (Subjek)

Meh kabeh jinise tembung sesulih ing basa Jawa bisa manggon ing jejer. Jinise tembung sesulih kang bisa manggon ing jejer, yaiku tembung sesulih purusa, panuduh, panyilah, lan sadhengah. Dhata kang disuguhake ora kabeh, amarga dhata kang disuguhake ing ngisor iki wis bisa menehi gegambarane dhata liyane.

(30) *Aku ngeterna Mbakmu mau nang omah.*

‘Aku ngeterake Mbakmu mau nyang omah.’

Tembuung *aku* sajroneukara (30) kalebu tembung sesulih utamapurusa kang ijen. Kanggo mbuktekaake yen tembung *aku* pancen manggon ing jejer, banjur diparafrase tanggap kaya ukara ing ngisor iki.

(30a) *Mbakmu mau takterna nang omah.*

‘Mbakmu mau takterna nyang omah.’

Tembung *aku* sawise diparafrase banjur owah dadi proklitik {tak-} kang gandheng karo wasesane. Tembung sesulih utamapurusa lan madyama purusa kang ijen nalika diparafrase tanggap banjur owah dadi

proklitik {tak-} lan {kok-}. Tembung sesulih pratama purusa nalika diparafrase tanggap mung owah gunane, yaiku dadi katrangan bisa dideleng ing ngisor iki.

- (31) *Dhekne jange ngorahi pering.*
‘Dheweke arep ngisahi piring.’

- (31a) *Pering jange dikorahi dhekne.*
‘Piring arep diisahi dheweke.’

Tembung sesulih purusa kang manggon sajrone ukara ora bisa diparafrase nalika wasesane awujud tembung kriya kaanan, lan bali angga. Bisa dideleng saka dhata ing ngisor iki.

- (32) *Aku gorung adus.*
‘Aku durung adus.’

- (33) *Awakmu jik lara unto tah?*
‘Kowe isih lara unto ta?’

- (32a) *Takadus gorung.**
‘Takadus durung.’

- (33a) *Jik moklara unto tah?**
‘Isih koklara unto ta?’

Tembung *aku* lan *awakmu* sajrone ukara (32) lan (33) nalika diparafrase mujudake ukara kang ora bisa ditampa utawa ora gramatikal. bisa dideleng ing ukara (32a) lan (33a).

- (34) *Arek iki ngejak Ibuke.*
‘Bocah iki ngajak Ibuke.’

- (35) *Iki bukune Lia.*
‘Iki bukune Lia.’

Gatra arek iki lan tembung iki kalebu tembung sesulih panuduh lumrah. Tembung iki sajrone gatra arek iki minangka modifikasiator panuduhe arek. Gatra arek iki sajrone ukara (34) nalika diparafrase tanggap bakal malih dadi lesan. Bisa dideleng saka ukara ing ngisor iki.

- (34a) *Ibuke dijak arek iki.*
‘Ibuke dijak bocah iki.’

Tembung iki sajrone gatra arek iki ora bisa diilangi, nalika diilangi bakal ngowahi maknane. Bisa dideleng saka dhata ing ngisor iki.

- (34b) *Arek ngejak Ibuke.*
‘Bocah ngajak Ibuke.’

Saliyane tembung iki sajrone gatra arek iki ora bisa diilangi, uga ora bisa diowahi panggone. Nalika diowahi panggone bakal mujudake ukara kang ora bisa ditampa utawa ora gramatikal. bisa dideleng saka ukara ing ngisor iki.

- (34c) *Iki arek ngejak Ibuke.**
‘Iki bocah ngajak Ibuke.’

Tembung iki sajrone ukara (35) sejatine ana tembung sing sangarepe, nanging dilesapake utawa disingitake. Bisa dideleng saka ukara ing ngisor iki.

- (35a) *Sing iki bukune Lia.*
‘Sing iki bukune Lia.’

Wasesa (Predikat)

Tembung sesulih ing basa Jawa kang bisa manggon ing wasesa, yaiku tembung sesulih purusa, panuduh, lan patanya. Dhata kang disuguhake ora

kabeh, amarga dhata kang disuguhake ing ngisor iki wis bisa menehi gegambarane dhata liyane.

- (36) *Sing mangan koen.*

‘Sing mangan kowe.’

Tembung *koen* sajrone ukara (36) iki kalebu tembung sesulih madyamapurusa. Tembung *koen* sajrone ukara (36) minangka wasesa kang manggon ing sisih tengene jejer. Supaya luwih cetha, ukara ing ndhuwur diwenehi *yaiku* utawa *iku* ing sisih tengene jejer kanggo menehi watesan antarane jejer lan wasesa. Bisa dideleng ing ngisor iki.

- (36a) *Sing mangan yaiku/iku koen.*

‘Sing mangan yaiku/iku kowe.’

Saliyane dhata ing ndhuwur bisa dideleng dhata liyane kaya ing ngisor iki.

- (37) *Tukua nduk kene!*

‘Tukua ing kene!’

Gatra *nduk kene* sajrone ukara (37) kalebu tembung sesulih panuduh papan. Tembung *kene* sajrone gatra *nduk kene* minangka modifikasiator kang dadi panuduhe papane wasesa. Tembung *kene* ora bisa diilangi lan diowahi panggonane saka gatra iki, amarga bakal mujudake ukara kang ora gramatikal utawa makna kang owah. Bisa dideleng saka ukara ing ngisor iki.

- (37a) *Tukua nduk!**

‘Tukua ing!’

- (37b) *Tukua kene nduk!**

‘Tukua kene ing!’

Lesan (Objek)

Jinise tembung sesulih kang bisa manggon ing lesan, yaiku tembung sesulih purusa, panuduh, patanya, panyilah, lan sadhengah. Dhata kang disuguhake ora kabeh, amarga dhata kang disuguhake ing ngisor iki wis bisa menehi gegambarane dhata liyane.

- (38) *Buk Diyah tuku ngene iki.*

‘Buk Diyah tuku ngene iki.’

Gatra *ngene* iki sajrone ukara (38) kalebu tembung sesulih panuduh modhal. Tembung *ngene* sajrone gatra *ngene iki* minangka inti. Kanggo nuduhake yen tembung sesulih iki pancen manggon ing lesan bisa diparafrase tanggap kaya ing ngisor iki.

- (38a) *Ngene iki dituku Buk Diyah.*

‘Ngene iki dituku Buk Diyah.’

Saliyane dhata ing ndhuwur iki, isih ana dhata liyane kaya dhata ing ngisor iki.

- (39) *Farel ngaploki sapa?*

‘Farel ngeplaki sapa?’

Tembung *sapa* sajrone ukara (39) iku manggon ing lesan. Ukara iki yen diparafrase dadi tanggap bakal ngowahi struktur ukarané. Bisa dideleng ing ngisor iki.

- (39a) *Sapa sing dikaploki Farel?*

‘Sapa sing dikeplaki Farel?’

Tembung *sapa* sing sadurunge manggon ing lesan sawise diparafrase tanggap ora manggon ing jejer, nanging ing wasesa. Saliyane iku uga bisa dideleng saka wangslane.

Panggenah (Pelengkap)

Tembung sesulih ing basa Jawa kang bisa manggon ing panggenah, yaiku tembung sesulih panuduh, lan panyilah. Dhata kang disuguhake ora kabeh, amarga dhata kang disuguhake ing ngisor iki wis bisa menehi gegambarane dhata liyane.

(40) *Mas ngekeki awake dhewe klambi iki.*

‘Mas menehi awake dhewe klambi iki.’

Gatra *klambi iki* sajrone ukara (40) manggon ing panggenah. Tembung *iki* sajrone gatra *klambi iki* minangka modifikasiator kang dadi panuduhe panggenah. Tembung *iki* sajrone gatra *klambi iki* ora bisa diilangi utawa diowahi panggonane amarga bakal mujudake ukara kang ora gramatikal utawa ngowahi maknane. Bisa dideleng saka ukara ing ngisor iki.

(40a) *Mas ngekeki awake dhewe klambi.*

‘Mas menehi awake dhewe klambi.’

(40b) *Mas ngekeki awake dhewe iki klambi.**

‘Mas menehi awake dhewe iki klambi.’

Ukara (40a) nduwemi makna kang beda karo ukara (40). Ukara (40b) mujudake ukara kang ora gramatikal. Saka ukara iki negesake anane tembung sesulih panuduh sajrone gatra *klambi iki* wigati. Kanggo mbuktekake yen tembung sesulih panuduh lumrah pancen bisa manggon ing panggenah kudu diparafrase tanggap kaya ing ngisor iki.

(40c) *Awake dhewe dikeki Mas klambi iki.*

‘Awake dhewe diwenehi Mas klambi iki.’

Tembung kang manggon ing panggenah ora bisa manggon ing ngarep utawa dadi jejer, yen tembung iku manggon ing ngarepe ukara bakal mujudake ukara kang ora gramatikal. Bisa dideleng ing ngisor iki.

(40d) *Klambi iki Mas ngekeki awake dhewe.**

‘Klambi iki Mas ngekeki awake dhewe.’

Katrangan (Keterangan)

Tembung sesulih ing basa Jawa kang bisa manggon ing katrangan, yaiku tembung sesulih purusa, panuduh, patanya, lan sadhengah. Dhata kang disuguhake ora kabeh, amarga dhata kang disuguhake ing ngisor iki wis bisa menehi gegambarane dhata liyane.

(41) *Ning tuku klambi ambek aku.*

‘Mbak tuku klambi karo aku.’

Gatra *ambek aku* sajrone ukara (41) kalebu tembung sesulih utamapurusa. Tembung *aku* sajrone gatra *ambek aku* minangka inti. Kanggo mbuktekake yen tembung iki manggon ing katrangan bisa diparafrase tanggap kaya mangkene.

(41a) *Klambi dituku Ning ambek aku.*

‘Klambi dituku Mbak karo aku.’

Saliyane diparafrase tanggap, uga bisa diowahi panggone yaiku ing ngarep lan sawise jejer. bisa dideleng ing ngisor iki.

(41b) *Ambek aku Ning tuku klambi.*

‘Karo aku Mbak tuku klambi.’

(41c) *Ning ambek aku tuku klambi.*

‘Mbak karo aku tuku klambi.’

Adhedhasar ukara-ukara ing ndhuwur iki bisa dingerten yen tembung sesulih utamapurusa kang diowahi ana ngendi wae pranyata bisa lan ora ngowahi maknane. Saka ukara-ukara iki bisa dingerten yen tembung sesulih utamapurusa pancen bisa manggon ing katrangan. Saliyane dhata ing ndhuwur iki, isih ana dhata liyane kaya dhata ing ngisor iki.

(42) *Ket sakprana sampek sakprene omah iku jik gorung didandani.*

‘Awit seprana nganti seprene omah iku isih durung didandani.’

Tembung sesulih panuduh wektu kang manggon ing katrangan sajrone ukara ing ndhuwur iki awujud gatra, yaiku *ket sakprana sampek sakprene*. Tembung *sakprana* lan *sakprene* sajrone gatra *ket sakprana sampek sakprene* minangka inti. Kanggo mbuktekake yen tembung sesulih panuduh papan kang dumunung ing ukara (42) pancen bisa manggon ing katrangan kudu manggon ing ngarepe ukara uga samburine jejer. Bisa dideleng ing ngisor iki.

(42a) *Omah iku ket sakprana sampek sakprene jik gorung didandani.*

‘Omah iku awit seprana nganti seprene isih durung didandani.’

(42b) *Omah iku jik gorung didandani ket sakprana sampek sakprene.*

‘Omah iku isih durung didandani awit seprana nganti seprene.’

Adhedhasar ukara-ukara ing ndhuwur iki bisa dingerten yen tembung sesulih panuduh wektu, yaiku *ket sakprana sampek sakprene* pancen bisa manggon ing katrangan.

Kalungguhane Tembung Sesulih ing Basa Jawa Dhialeg Surabaya Sub-Dhialeg Mojokerto

Saben jinise tembung sesulih bisa nglungguhi kalungguhan tartamtu sajrone ukara. tembung sesulih minangka konstituen panyengkuyung ndadekake anane tembung sesulih sajrone ukara gumantung karo tembung kriya minangka wasesane. Mula saka iku anggone njlentrehake kalungguhane tembung sesulih kudu ngertenji jinise tembung kriya kang manggon ing wasesane, senajan tembung sesulih uga bisa manggon ing wasesa.

Paraga – Aksi Tanduk – Papan

Tembung sesulih kang bisa nglungguhi kalungguhan paraga lan papan, bisa dideleng saka dhata ing ngisor iki.

- (43) *Anake iku sekolah ndik kunu.*

‘Anake iku sekolah ing kono.’

- (44) *Bojoku kerja nok kene.*

‘Bojoku kerja ing kene.’

Adhedhasar dhata ing ndhuwur iki, Tembung sesulih kang bisa nglungguhi kalungguhan paraga lan manggon ing jejer, yaiku *Anake iku*. Tembung sesulih kang bisa nglungguhi kalungguhan papan lan manggon ing katrangan, yaiku *Gatra ndik kunu*, lan *nok kene*. *Gatra anake iku* kalebu tembung sesulih panuduh lumrah. Tembung *iku* sajrone gatra *anake iku* minangka modifikasiator kang dadi panuduhe paraga. *Gatra ndik kunu*, lan *nok kene* kalebu tembung sesulih panuduh papan. Tembung *kunu*, lan *kene* sajrone gatra *ndik kunu*, lan *nok kene* minangka modifikasiator kang dadi panuduhe papan.

Paraga – Aksi Tanduk – Wektu

Tembung sesulih kang bisa nglungguhi kalungguhan paraga, lan wektu bisa dideleng saka dhata ing ngisor iki.

- (45) *Wonge jik tas budhal kerja.*

‘Wonge lagi tas budhal kerja.’

- (45a) *Wonge budhal kerja jik tas.*

‘Wonge budhal kerja lagi tas.’

- (46) *Mas Upong budhal kapan?*

‘Mas Upong budhal kapan.’

Adhedhasar dhata ing ndhuwur iki, Tembung sesulih kang bisa nglungguhi kalungguhan paraga, yaiku tembung *Mas Upong*. Tembung *Mas Upong* kalebu tembung sesulih purusa liyane. Tembung *Mas* minangka inti, dene tembung *Upong* minangka modifikasiator kang dadi jenenge paraga. Tembung sesulih kang bisa nglungguhi kalungguhan wektu lan manggon ing katrangan, yaiku gatra *jik tas*, lan *kapan*. *Gatra jik tas* kalebu tembung sesulih panuduh wektu. Tembung *kapan* kalebu tembung sesulih patanya wektu.

Paraga – Aksi Tanduk – Pandhang

Tembung sesulih ing basa Jawa kang bisa manggon ing paraga, lan panandhang bisa dideleng saka dhata ing ngisor iki.

- (47) *Kik Nan isok ndandani apa ae.*

‘Pak Nan bisa ndandani apa wae.’

- (48) *Mak Tuni mijeti aku.*

‘Bu Tuni mijeti aku.’

Adhedhasar dhata ing ndhuwur iki, tembung sesulih kang bisa nglungguhi kalungguhan paraga lan manggon ing jejer, yaiku *Kik Nan* lan *Mak Tuni*.

Tembung sesulih kang bisa nglungguhi kalungguhan panandhang lan manggon ing lesan, yaiku gatra *apa ae* lan tembung *aku*. Tembung *Kik* lan *Mak* sajrone gatra *Kik Nan* lan *Mak Tuni* kalebu tembung sesulih liyane, yaiku peprenah. Tembung *Kik* lan *Mak* sajrone gatra *Kik Nan* lan *Mak Tuni* minangka inti, dene tembung *Nan* lan *Tuni* minangka modifikasiator kang dadi jenenge paraga. Tembung *aku* kalebu tembung sesulih utamapurusa.

Paraga – Aksi Tanduk – Panandhang – Wektu

Tembung sesulih ing basa Jawa kang bisa nglungguhi kalungguhan paraga, panandhang, lan wektu bisa dideleng saka dhata ing ngisor iki.

- (49) *Sumik nggandheng dheke iki mau.*

‘Sumik nggandheng dheweke iki mau.’

Adhedhasar dhata ing ndhuwur iki, tembung sesulih kang bisa nglungguhi kalungguhan paraga lan manggon ing jejer, yaiku tembung *Sumik*. Tembung sesulih kang bisa nglungguhi kalungguhan panandhang lan manggon ing lesan, yaiku tembung *dheke*. Tembung sesulih kang bisa nglungguhi kalungguhan wektu lan manggon ing katrangan, yaiku tembung *iki mau* kang kalebu tembung sesulih panuduh wektu. Tembung *Sumik* kalebu tembung sesulih liyane, yaiku jenenge wong. Tembung *dheke* kalebu tembung sesulih pratamapurusa.

Paraga – Aksi Tanduk – Panandhang – Papan

Tembung sesulih kang bisa nglungguhi kalungguhan paraga, panandhang, lan papan bisa dideleng saka dhata ing ngisor iki.

- (50) *Pak dhe ngejaki sapa ae nang omah.*

‘Pak dhe ngejaki sapa wae nyang omah.’

Adhedhasar dhata ing ndhuwur iki, tembung sesulih kang bisa nglungguhi kalungguhan paraga lan manggon ing jejer, yaiku tembung *Pak dhe*. Tembung sesulih kang bisa nglungguhi kalungguhan panandhang, lan manggon ing lesan, yaiku gatra *sapa ae*. Tembung sesulih kang bisa nglungguhi kalungguhan papan, lan manggon ing katrangan ora ana. Gatra *Pak dhe* kalebu tembung sesulih purusa liyane kang peprenah. Tembung *Pak* sajrone gatra *Pak dhe* minangka inti, dene tembung *dhe* minangka katrangan paraga. Gatra *sapa ae* kalebu tembung sesulih sadhengah. Tembung *sapa* sajrone gatra *sapa ae* minangka inti, dene tembung *ae* minangka modifikasiator.

Paraga – Aksi Tanduk – Panandhang – Wektu – Papan

Tembung sesulih kang bisa nglungguhi kalungguhan paraga, panandhang, wektu, lan papan bisa dideleng saka dhata ing ngisor iki.

- (51) *Slamet biyen tau nolung arek iki nang kana.*

‘Slamet biyen mate nulung bocah iki ing kana.’

- (51a) *Slamet tau nolung arek iki biyen nang kana.*

‘Slamet nate nulung bocah iki biyen ing kana.’

Adhedhasar dhata ing ndhuwur iki, tembung sesulih kang bisa nglungguhi kalungguhan paraga lan manggon ing jejer, yaiku tembung *Slamet*. Tembung sesulih kang bisa nglungguhi kalungguhan panandhang lan manggon ing lesan, yaiku gatra *arek iki*. Tembung sesulih kang bisa nglungguhi kalungguhan wektu lan manggon ing katrangan, yaiku tembung *biyen*. Tembung sesulih kang bisa nglungguhi kalungguhan papan lan manggon ing katrangan, yaiku gatra *nang kana*. Tembung *Slamet* kalebu tembung sesulih purusa liyane, yaiku jenenge wong. Tembung *iki* sajrone gatra *arek iki* kalebu tembung sesulih panuduh lumrah. Tembung *iki* minangka modifikasi kang dadi panuduhe panandhang. Tembung *kana* sajrone gatra *nang kana* minangka modifikasi kang dadi panuduhe papan. Tembung *biyen* kalebu tembung sesulih panuduh wektu.

Paraga – Aksi Tanduk – Panampa – Panandhang

Tembung sesulih kang bisa nglungguhi kalungguhan paraga, Panampa, lan panandhang bisa dideleng saka dhata ing ngisor iki.

- (52) *Mbak Yuli nukokna Bapak hem moyok ngana ika.*

‘Mbak Yuli nukokake Bapak hem kaya ngana ika.’

Adhedhasar dhata ing ndhuwur iki, tembung sesulih kang bisa nglungguhi kalungguhan paraga lan manggon ing jejer, yaiku tembung *Mbak Yuli*. Tembung sesulih kang bisa nglungguhi kalungguhan panandhang lan manggon ing panggenah, yaiku gatra *hem moyok ngana ika*. Tembung sesulih kang bisa nglungguhi kalungguhan Panampa lan manggon ing lesan, yaiku tembung *Bapak*. Tembung *Mbak* kalebu tembung sesulih purusa liyane yaiku peprenah sajrone gatra *Mbak Yuli* minangka inti, dene tembung *Mbak* minangka modifikasi kang dadi jenenge paraga. Tembung *ngana* sajrone gatra *hem moyok ngana ika* minangka modifikasi kang dadi katrangane panandhang lan kalebu tembung sesulih panuduh modhal. Tembung *Bapak* kalebu tembung sesulih purusa liyane yaiku peprenah.

Paraga – Aksi Tanduk – Panampa – Panandhang – Wektu

Tembung sesulih kang bisa nglungguhi kalungguhan paraga, Panampa, panandhang, lan wektu bisa dideleng saka dhata ing ngisor iki.

- (53) *Aku mau ngeteri berkat iki kanggo Abah Sulkan .*

‘Aku mau ngeteri berkat iki kanggo Abah Sulkan.’

- (53a) *Aku ngeteri Abah Sulkan berkat iki mau.*

‘Aku ngeteri Abah Sulkan berkat iki mau.’

Adhedhasar dhata ing ndhuwur iki, tembung sesulih kang bisa nglungguhi kalungguhan paraga lan manggon ing jejer, yaiku tembung *aku* nglungguhi kalungguhan paraga lan manggon ing jejer. Tembung sesulih kang bisa nglungguhi kalungguhan Panampa lan manggon ing lesan, yaiku gatra *kanggo Abah Sulkan*. Tembung sesulih kang bisa nglungguhi kalungguhan panandhang lan manggon ing panggenah, yaiku gatra *berkat iki*. Tembung sesulih kang bisa nglungguhi kalungguhan wektu lan manggon ing katrangan, yaiku tembung *mau*. Tembung *aku* kalebu tembung sesulih utamapurusa. Tembung *kanggo sajrone gatra kanggo Abah Sulkan* minangka inti, dene gatra *Abah Sulkan* minangka modifikasi kang dadi katrangane panampa. Tembung *Abah* kalebu tembung sesulih purusa liyane yaiku sesebutan. Tembung *iki* sajrone gatra *berkat iki* minangka modifikasi kang dadi panuduhe panandhang.

Paraga – Aksi Tanduk – Panandhang – Kompanial

Tembung sesulih kang bisa nglungguhi kalungguhan paraga, panandhang, lan kompanial bisa dideleng saka dhata ing ngisor iki.

- (54) *Ning tuku klambi ambek aku.*

‘Mbak tuku klambi karo aku.’

Adhedhasar dhata ing ndhuwur iki, tembung sesulih kang bisa nglungguhi kalungguhan paraga lan manggon ing jejer, tembung *Ning*. Tembung sesulih kang bisa nglungguhi kalungguhan panandhang ora ana. Tembung sesulih kang bisa nglungguhi kalungguhan kompanial lan manggon ing katrangan yaiku, gatra *ambek aku*. Tembung *Ning* kalebu tembung sesulih purusa liyane kang peprenah. Tembung *ambek* sajrone gatra *ambek aku* minangka inti. Tembung *aku* minangka modifikasi kang dadi katrangane kompanial. Tembung *aku* sajrone gatra *ambek aku* kalebu tembung sesulih utamapurusa.

Paraga – Aksi Tanduk – Panandhang – Cacah

Tembung sesulih kang bisa nglungguhi kalungguhan paraga, panandhang, lan cacah bisa dideleng saka dhata ing ngisor iki.

(55) *Koen tuku klambi sakmunu.*

‘Kowe tuku klambi semono.’

Adhedhasar dhata ing ndhuwur iki, tembung sesulih kang bisa nglungguhi kalungguhan paraga, lan manggon ing jejer, yaiku tembung *koen*. Tembung sesulih kang bisa nglungguhi kalungguhan panandhang lan manggon ing lesan ora ana. Tembung sesulih kang nglungguhi kalungguhan cacah lan manggon ing panggenah, yaiku tembung *sakmunu*. Tembung *Koen* kalebu tembung sesulih madyamapurusa. Tembung *sakmunu* kalebu tembung sesulih panuduh cacah.

Paraga – Aksi Tanduk – Asil

Tembung sesulih kang bisa nglungguhi kalungguhan paraga, lan asil bisa dideleng saka dhata ing ngisor iki.

(56) *Mbah Sum ngracikna bumbu.*

‘Mbah Sum ngracikake bumbu.’

Adhedhasar dhata ing ndhuwur iki, tembung sesulih kang bisa nglungguhi kalungguhan paraga lan manggon ing jejer, yaiku gatra *Mbah Sum*. Tembung sesulih kang bisa nglungguhi kalungguhan asil lan manggon ing panggenah ora ana. Tembung *Mbah* sajrone gatra *Mbah Sum* minangka inti, dene tembung *Sum* minangka jenenge paraga.

Reseptif – Kahanan

Tembung sesulih kang bisa nglungguhi kalungguhan reseptif, lan kahanan bisa dideleng saka dhata ing ngisor iki.

(57) *Sing paling ayu Shita.*

‘Sing paling ayu Shita.’

Adhedhasar dhata ing ndhuwur iki, tembung sesulih kang nglungguhi kalungguhan reseptif lan manggon ing jejer, yaiku *sing paling ayu*. Tembung sesulih kang nglungguhi kahanan lan manggon ing wasesa yaiku *Shita*. Tembung *sing* sajrone gatra *sing paling ayu* kalebu tembung sesulih panyilah lan minangka inti. Tembung *Shita* kalebu tembung sesulih purusa liyane yaiku jenenge wong.

Panandhang – Kahanan

Tembung sesulih kang bisa nglungguhi kalungguhan panandhang, lan kahanan bisa dideleng saka dhata ing ngisor iki.

(58) *Berase sakmene ae.*

‘Berase semene wae.’

Adhedhasar dhata ing ndhuwur iki, tembung sesulih kang bisa nglungguhi kalungguhan panandhang lan manggon ing jejer, ora ana. Tembung sesulih kang bisa nglungguhi kalungguhan kahanan lan manggon ing wasesa, yaiku gatra *sakmene ae*. Tembung *ae*

sajrone gatra *sakmene ae* minangka modifikasiator kang kalebu tembung sesulih panuduh cacah.

Reseptif – Kahanan – Wektu

Tembung sesulih kang bisa nglungguhi kalungguhan reseptif, lan wektu bisa dideleng saka dhata ing ngisor iki.

(59) *Aku pilek saiki.*

‘Aku pilek saiki.’

Adhedhasar dhata ing ndhuwur iki, tembung sesulih kang bisa nglungguhi kalungguhan reseptif lan manggon ing jejer, yaiku tembung *aku*. Tembung sesulih kang bisa nglungguhi kalungguhan wektu lan manggon ing katrangan, yaiku tembung *saiki*. Tembung *aku* kalebu tembung sesulih utamapurusa. Tembung *saiki* kalebu tembung sesulih panuduh wektu.

Panandhang – Proses

Tembung sesulih kang bisa nglungguhi kalungguhan panandhang bisa dideleng saka dhata ing ngisor iki.

(60) *Godhogan iki sampek asat.*

‘Godhogan iki nganti asat.’

Adhedhasar dhata ing ndhuwur iki, tembung sesulih kang bisa nglungguhi kalungguhan panandhang lan manggon ing jejer, yaiku gatra *godhogan iki sampek asat*. Tembung *iki* sajrone gatra *godhogan iki* minangka modifikasiator kang dadi panuduhe panandhang. Tembung *iki* kalebu tembung sesulih panuduh lumrah.

Paraga lan Panandhang – Bali Angga

Tembung sesulih kang bisa nglungguhi kalungguhan paraga lan panandhang bisa dideleng saka dhata ing ngisor iki.

(61) *Ibuk klesetan.*

‘Ibu leyeh-leyeh.’

Adhedhasar dhata ing ndhuwur iki, tembung sesulih kang nglungguhi kalungguhan paraga lan panandhang lan manggon ing jejer, yaiku tembung *Ibuk*. Tembung *Ibuk* kalebu tembung sesulih purusa liyane yaiku peprenah.

Paraga lan Panandhang – Bali Angga – Papan

Tembung sesulih kang bisa nglungguhi kalungguhan paraga lan panandhang, lan papan bisa dideleng saka dhata ing ngisor iki.

(62) *Cacak ngglontung ndik njero.*

‘Mas turu ing njero.’

Adhedhasar dhata ing ndhuwur iki, tembung sesulih kang bisa nglungguhi kalungguhan paraga lan panandhang uga manggon ing jejer, yaiku tembung *Cacak*. Tembung *Cacak* kalebu tembung sesulih purusa

liyane yaiku peprenah. Tembung sesulih kang bisa nglungguhi kalungguhan papan sajrone dhata ing ndhuwur ora ana.

Paraga lan Panandhang – Tanggap tarung – Paraga lan Panandhang

Tembung sesulih kang bisa nglungguhi kalungguhan paraga lan panandhang lan papan bisa dideleng saka dhata ing ngisor iki.

(63) *Rakhman tilpun-tilpunan ambek koen.*

‘Rakhman telpun-telpunan karo kowe.’

Adhedhasar dhata ing ndhuwur iki, tembung sesulih kang bisa nglungguhi kalungguhan paraga lan panandhang uga manggon ing jejer, yaiku tembung *Rakhman*. Tembung sesulih kang bisa nglungguhi kalungguhan paraga lan panandhang uga manggon ing katrangan, yaiku gatra *ambek koen*. Tembung *koen* sajrone gatra *ambek koen* minangka modifikasiator kang dadi katrangane paraga lan panandhang.

Paraga – Aksi Tanduk – Panandhang – Piranti

Tembung sesulih kang bisa nglungguhi kalungguhan paraga, panandhang, lan piranti bisa dideleng saka dhata ing ngisor iki.

(64) *Ning biyasane nyirami latar ambek slang iku.*

‘Mbak biyasane nyirami latar nganggo slang iku.’

Adhedhasar dhata ing ndhuwur iki, tembung sesulih kang bisa nglungguhi kalungguhan paraga lan manggon ing jejer, yaiku tembung *Ning*. Tembung sesulih kang bisa nglungguhi kalungguhan panandhang lan manggon ing lesan ora ana. Tembung sesulih kang bisa nglungguhi kalungguhan piranti lan manggon ing katrangan, yaiku gatra *ambek slang iku*. Tembung *Ning*, lan *Cak* kalebu tembung sesulih purusa liyane yaiku peprenah. Tembung *ambek* sajrone gatra *ambek slang ik* minangka inti, dene tembung liyane minangka modifikasiator kang dadi katrangane piranti. Tembung *iku* sajrone gatra *ambek slang iku* kalebu tembung sesulih panuduh lumrah.

Paraga – Tanduk Pakon – Panandhang

Tembung sesulih kang bisa nglungguhi kalungguhan paraga, lan panandhang bisa dideleng saka dhata ing ngisor iki.

(65) *Cak Di, nggawea jajan!*

‘Mas Di, nggawea jajan!’

Adhedhasar dhata ing ndhuwur iki, tembung sesulih kang bisa nglungguhi kalungguhan paraga lan manggon ing jejer, yaiku tembung *Cak Di*. Tembung sesulih kang nglungguhi kalungguhan panandhang sajrone dhata ing ndhuwur ora ana. Tembung *Cak*

sajrone gatra *Cak Di* minangka inti, dene tembung *Di* minangka modifikasiator kang dadi jenenge paraga.

PANUTUP

Ing panutup iki diandharake dudutan lan pamrayoga saka panliten ngenani tembung sesulih ing basa Jawa dialeg Surabaya sub-dialeg Mojokerto.

Dudutan

Wujude tembung sesulih iki kasil diperang dadi limang jinis, yaiku tembung sesulih purusa, panuduh, patanya, panyilah, lan sadhengah. Guna kang bisa diisi tembung sesulih ing basa Jawa dialeg Surabaya sub-dialeg Mojokerto iki, yaiku jejer, wasesa, lesan, panggenah, lan katrangan. Dene kalungguhan kang bisa dinggoni tembung sesulih ing basa Jawa dialeg Surabaya sub-dialeg Mojokerto, yaiku paraga (*agentif*), panandhang (*objektif*), panampa (*benefaktif*), kompanial, reseptif, paraga lan uga panandhang, papan (*lokatif*), wektu (*time*), ukuran, asil, lan piranti (*instrumental*). Saliyane bisa manggon ing argumen, tembung sesulih uga bisa manggon ing wasesa (*predicator*) yaiku kahanan.

Pamrayoga

Panliten kang wis ditindakake iki mung nliti tembung sesulih ing basa Jawa dialeg Surabaya sub-dialeg Mojokerto kang ngandharake lan njlentrehake aspek wujud, guna, lan kalungguhan ing ragam ngoko. Tembung sesulih ing basa Jawa dialeg Surabaya sub-dialeg Mojokerto kang ragam krama isih durung ana kang nliti. Saliyane iku isih akeh tembung sesulih saka dialeg Surabaya sub-dialeg liyane kang durung ditiliti. Panliten kang wis ditindakake iki muga bisa dadi bahan kanggo nyampurnakake panliten kang arep ditindakake.

KAPUSTAKAN

- Adipitoyo, Sugeng. 2000. “Valensi Sintaktis Bahasa Jawa Dialek Surabaya” (laporan panliten, ora diterbitake). Surabaya: LP Universitas Negeri Surabaya
- Alwasilah, Chaedar. 1985. *Beberapa Madhab dan Dikotomi Teori Linguistik*. Bandung: Angkasa
- Alwi, Hasan, dkk. 2003. *Tata Bahasa Baku Bahasa Indonesia*. Jakarta: Balai Pustaka
- Antunsuhono. 1953. *Reringkesan Paramasastra-Djawi*. Jogjakarta: Soejadi
- Djajasudarma, Fatimah. 1993. *Metode Linguistik Ancangan Metode Penelitian Dan Kajian*. Bandung: PT Eresco.
- Djawatan Kementrian PP dan K, 1946. *Karti Basa*. Djakarta: Kementrian PP dan K

- Mahsun, M.S. 2005. *Metode Penelitian Bahasa*. Jakarta: PT Raja Grafindo Persada
- Padmosoekotjo, S. 1987. *Paramasastra Jawa*. Surabaya: P.T. Citra Jaya Murti
- Parera, Jos Daniel. 1991. *Sintaksis*. Jakarta: PT Gramedia Pustaka
- Poerwadarminta, W. J. S. 1953. *Sarining Paramasastra Djawa*. Djakarta: Noordhoff Kolff N. V.
- Purwo, Bambang Kaswati. 1986. "Pronomina di dalam Bahasa Indonesia" sajrone *Masyarakat Linguistik Indonesia*. No. 7 Juni, 15-39. Jakarta: Arcan
- Rusydi, dkk., 1985. *Kosa Kata Bahasa Jawa*. Jakarta: Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa Departemen Pendidikan dan Kebudayaan
- Sasangka, Sry Satriya Tjatur Wisnu. 2011. *Paramasastra Gagrag Anyar Basa Jawa*. Jakarta: Yayasan Paramalingua
- Sastrasoepadma, S. 1958. *Paramasastra Djawa*. Jogjakarta: Soejadi
- Sudaryanto. 1986. *Metode Linguistik Bagian Pertama: Ke Arah Memahami Metode Linguistik*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press
- Sudaryanto. 1991. *Tata Bahasa Baku Bahasa-Jawa*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press
- Sudaryanto. 1993. *Metode dan Aneka Teknik Analisis Bahasa*. Yogyakarta: Duta Wacana University Press
- Uhlenbeck. 1982. *Kajian Morfologi Bahasa Jawa*. Surabaya: Djambatan
- Wedhawati, dkk., 2006. *Tata Bahasa Jawa Mutakhir*. Yogyakarta: Kanisius

